



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADMINISTRASYON TI BIZNIS ETAZINI PRAL OFRI ASISTANS FEDERAL POU REZIDAN AK BIZNIS YO NAN LONG ISLAND KE MOVE TAN NAN KÒMANSMAN MWA JANVYE A AFEKTE

Administrasyon Ti Biznis Etazini an pral bay prè ki gen to enterè ki ba pou rezidan ak biznis ki elijib yo nan Konte Suffolk ak Nassau ke gwo lapli ak gwo van 9-10 janvye 2024 afekte

Sant sansibilizasyon pou prè an pèsòn nan ka katastwòf la ap ouvri 15 mas

Aplikasyon pou prè yo disponib [sou entènèt](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) pral ofri asistans federal bay Nouyòkè nan Long Island ke gwo tanpèt ki gen ladan gwo lapli ak gwo van 9-10 janvye 2024 yo te afekte. Rezidan ak biznis nan konte Suffolk ak Nassau yo kounye a elijib pou aplike pou prè ki gen to enterè ba pou ede nan rekiperasyon yo apre evènman lapli devastatè a.

"Nouyòkè yo ak biznis yo pa ta dwe oblije pote chay rekiperasyon tanpèt la poukont yo, epi prè sa yo pral ede anpil moun ki afekte yo pou yo rebati pi byen ak pi solid," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun Long Island yo ke van mwa janvye yo afekte ta dwe asire yo ke yo aplike epi pwofite avantaj sipò finansye adisyonèl la. Mèsi a SBA paske li asire Nouyòkè yo gen resous pou yo rekipere apre move tan."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Nan kòmansman mwa janvye, kèk pati nan Long Island te wè gwo lapli ak gwo van ki te lakòz domaj nan kay ak biznis yo. Gras a Gouvènè Hochul ak patenarya ak SBA, kounye a nou pral kapab ofri ti biznis ak pwopriyetè kay yo sekou."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Gwo lapli ak gwo van nan kòmansman ane sa a te lakòz gwo domaj nan kay ak biznis nan Long Island, epi mwen fyè pou m wè rezidan ak biznis ki afekte yo pral kounye a resevwa asistans federal yo bezwen pou yo rekipere yo. Fè prè pou katastwòf sa yo aksesib se premye etap pou moun ki nan kominote a ki te frape pi di pou yo ka rekonstwi ak rejwenn mwayen pou yo viv. Mwen remèsye SBA paske li ofri asistans federal enpòtan sa a epi mwen pral kontinye

goumen pou asire tout Nouyòkè yo gen tout resous ki disponib pou akselere pwosesis rekiperyasyon an apre gwo move tan yo".

Ant 9-10 janvye 2024, yon evènman move tan ki te gen plizyè danje nan tout eta a te travèse pifò nan Eta NY, sa ki lakòz gwo domaj nan biznis ak kay yo. Evènman an te tonbe jiska 3.5 pous lapli sou Long Island epi li te kowenside ak mare wo ki te lakòz gwo inondasyon. Nan dat 8 janvye, Gouvènè Hochul te anonse li te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a nan Albany pou kontwòl tanpèt la ak kowòdone aktivite repons Eta a. Pandan tanpèt la, konte Suffolk ak konte Nassau te pibliye Eta Ijans pou kote yo a akòz kondisyon ak enpak move tan. Apre evènman an, pèsònèl ki soti nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la, Administrasyon Ti Biznis ak Konte Suffolk te reyalize yon evalyasyon konplè sou domaj yo.

Administrasyon Ti Biznis Etazini an pral bay prè nan to enterè ki ba pou ede biznis ak pwopriyetè kay rekipere yo apre katastwòf yo te deklare yo. Aplikan yo, ki gen ladan biznis, pwopriyetè kay, lokatè, ak òganizasyon prive, san bi likratif, dwe nan yon zòn katastwòf deklare epi satisfè lòt kritè elijiblite selon kalite prè a.

Kalite Prè pou Katastwòf

Prè pou katastwòf sa yo disponib:

- **Prè pou Biznis nan Ka Katastwòf Fizik** – Prè bay biznis pou repare oswa ranplase pwopriyete biznis ki andomaje nan katastwòf la, tankou byen imobilye, envantè, founiti, machin ak ekipman. Biznis tout dimansyon yo elijib. Òganizasyon prive, ki san bi likratif yo tankou òganizasyon charite, legliz, inivèsite prive, elatriye, elijib tou.
- **Prè nan Ka Katastwòf Ekonomik (Economic Injury Disaster Loan, EIDL)** – Prè pou fon woulman ki ede ti biznis, ti koperativ agrikòl yo, ti biznis ki angaje nan akwakilti, ak pifò òganizasyon san bi likratif prive tout dimansyon yo reponn ak obligasyon òdinè ak obligasyon finansye ki nesèsè yo ke yo pa ka satisfè kòm konsekans dirèk katastwòf la.
- **Prè pou Katastwòf pou Kay** – Prè bay pwopriyetè kay oswa lokatè pou repare oswa ranplase byen imobilye ak pwopriyete pèsònèl ki te domaje nan katastwòf, tankou otomobil.

Sant Sansibilizasyon pou Prè nan Ka Katastwòf

SBA ap kreye Sant Sansibilizasyon pou Prè nan Ka Katastwòf (Disaster Loan Outreach Center, DLOC) pou ede Nouyòkè yo aplike an pèsòn pou asistans nan: Tou de sant yo ap ouvri vandredi 15 mas a 11:00 a.m. Gade anba a pou wè lè toulède sant yo ap fonksyone apre 15 mas.

Babylon Town Hall, [200 Sunrise Hwy, Lindenhurst, NY 11757](#)

- Ouvri vandredi 15 mas a 11:00 a.m.
- Lè fonksyonman (apre 15 mas):
 - Lendi-Vandredi: 8:30 a.m. – 4:30 p.m.

- Fèmen nan samdi ak dimanch.

Mastic Recreation Center, [15 Herkimer Street, Mastic, NY 11950](#)

- Ouvri vandredi 15 mas a 11:00 a.m.
- Lè fonksyonman (apre 15 mas):
 - Lendi-Vandredi: 9:00 a.m. – 6:00 p.m.
 - Samdi: 10:00 a.m. – 2:00 p.m.
 - Fèmen nan dimanch

Tou de sant yo pwograme pou fèmen vandredi 29 mas 2024 a 4:00 p.m.

Yo ka soumèt aplikasyon pou prè nan ka katastwòf yo sou entènèt atravè Pòtay Prè MySBA a nan <https://lending.sba.gov>. Aplikan yo ka rele tou Sant Sèvis pou Kliyan SBA a nan 1-800-659-2955 oswa voye yon imèl bay disastercustomerservice@sba.gov.

Moun ki soud, ki mal pou tande, oswa ki gen yon andikap pou pale, kapab rele 7-1-1 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekominikasyon yo.

Yo ta dwe voye pa lapòs aplikasyon ki ranpli yo nan U.S. Small Business Administration, Processing and Disbursement Center, 14925 Kingsport Road, Fort Worth, TX 76155.

Delè pou depoze epi remèt aplikasyon pou domaj fizik nan pwopriyete yo se **10 me 2024**. Delè pou remèt aplikasyon pou dega ekonomik yo se **11 desanm 2024**.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)